

**NENGETAN PERDA BASA SUNDA  
KEUR BARUDAK SAKOLA\*)  
(Dingding Haerudin)\*\*)**

Pangalaman saurang sobat nu kakara mulang ti nagri deungeun, cenah kungsi ngobrol jeung salah saurang profesorna. Eta wangkongan teh ngagunakeun basa Inggris salaku basa panganteurna. Tapi sanggeus éta Si Profesor apaleun yén Ki Sobat téh urang Priangan, alih kode nyaritana ngagunakeun basa Sunda anu kacida paséhatna.

“Gening, Saderek téh kawit ti Bandung, kuring ogé aya tauna ti Bandung. Meuni sono hoyong nyanggem ku basa Sunda”. Atuh uplek maranéhna cacarita ku basa Sunda. Samulangna ti eta nagri, batur kuring kakara sadar pentingna miara basa Sunda. Gening basa Sunda téh teu ukur dipiara ku masarakatna, dalah batur oge anu jauh dumukna ti tatar Priangan boga perhatian kana basa Sunda. Sageuy mun urang Sundana sorangan teu malire kana basana. Ki sobat ogé ahirna mah ngagunakeun basa Sunda dina guneman sapopoe, pangpangna mah di lingkungan kulawargana. Malahan mah pamajikanana anu asalna urang Ujung Pandang ogé geus lancar nyaritana ku basa Sunda.

Sikep anu hade (positif) kana basa Sunda, umumna teu langsung tumuwuh dina diri pribadi, tapi gegedéna mah pangaruh lingkungan. Lingkungan kulawarga anu kolotna ngagunakeun basa Sunda salaku alat komunikasina bakal mangaruhan kana sikep barudakna kana basa Sunda. Pon kitu deui di lingkungan sakola, guru anu make panganteur basa Sunda dina nepikeun pangajaran (pangpangna di TK jeung kelas 1-3 SD) bakal bakal mangaruhan kana kaparigelan katut sikep murid-muridna kana basa Sunda. Teu béda jauh jeung éta ilustrasi di luhur.

Kumaha kaayaan basa Sunda dina mangsa kiwari? Bener yén basa Sunda téh katélér-télér? Naha masarakat Sunda kiwari masih kénéh mibanda rasa katineung kana basa katut budayana? Kumaha ari kaayaan basa Sunda barudak anu dialajar basa Sunda sacara formal di sakola? Naha gening saréngséna barudak dialajar basa Sunda téh siga nu taya tapakna, angger wae ngalobrol jeung papada baturna mah ku basa Malayu?

Nilik kaayaan saperti kitu, perlu ayana *shock therapy* sangkan barudak ahirna miboga sikep anu hade kana basa Sunda (daek ngagunakeun)?

Sacara téori atawa empirik, ngawanohkeun basa Sunda salaku basa indung ka barudak saestuna mah kudu dimimitian saumur balita. Kitu oge barudak dina narima

atikan anu munggaran teh ku basa indung. Hartina budak teh kudu diajak komunikasi make basa Sunda, pangpangna di lingkungan kulawarga.

Dina *Cupumanik* No. 13/2004, Sadérék Iwa Lukmana, salah saurang Doktor dina widang Sosiolingistik jebolan *Monach University*, Ustrali nepikeun pamanggihna dina, yén basa Sunda teu perlu diajarkeun, tapi langsung dipaké jadi basa panganteur di unggal tingkatan sakola. Alus pisan éta pamanggih téh. Resép jitu sangkan basa Sunda diparaké ku masarakatna mémang kudu kitu. Ngan geus kaherong kumaha barabéna. Tangtu pamaréntah kudu ngarombak sakabéh sistem anu patalina jeung atikan.

Saméméh nepi kana angen-angen anu ditepikeun Saderek Iwa, urang perlu leuwih ti heula merhatikeun mékanisme atikan basa Sunda nu keur lumangsung kiwari. Ceuk aturan anu geus rada béké ditu, basa Sunda kudu dipaké basa panganteur ti mimiti TK, SD kelas 1 nepi ka kelas 3. éta gé saestuna mah mangrupa modal anu kawilang strategisna enggonging melakkeun sikep positif barudak kana basa Sunda. Tapi. kumaha kabuktianana di lapangan? Umumna barudak TK jeung SD (kelas 1- 3) téh narima pangajaranana lain ku basa panganteur basa Sunda, tapi ku basa Indonesia. Éta ogé hadé, ngan teu luyu jeung aturan anu aya.

Dina Perda Propinsi Jawa Barat No. 5 taun 2003, utamana nu kaunggel dina Pasal 5 ayat 7 ditétélakeun yén basa Sunda digunakeun pikeun basa panganteur pendidikan di kelas-kelas awal (1-3) sakola dasar katut kanak-kanak. Apan éta aturan téh sakitu hadéna. Piraku teu dibagéakeun? Atawa Guru/Kepala TK jeung SD teu acan aruningaeun? Hawatos teuing mun enya mah aranjeunna teu aruningaeun téh. Sok padahal éta Perda téh geus disahkeun sataun ka tukang.

Saupama sosialisasi éta Perda can nepi ka unggal sakola, utamana nu aya di pakotaan boh SD Negeri boh Swasta, pihak Dinas Pendidikan Propinsi, kota/kabupaten malah nepi ka tingkat kecamatan katut pamaréntahanan perlu ngecék deui. Naha mémang bener guru TK/SD can arapaleun ayana éta Perda, atawa nganggap teu perlu ngalaksanakeun éta Perda? Bisi aya anggapan anu negatif atawa nyapirakeun ti urang lapangan yén, “Perda-perda..., di lapangan mah kumaha kuring”.

Lamun urang telik neuleuman maksud nu aya dina eta Perda, saéstuna mah kalungguhan basa Sunda di sakola utamana di SD ngabogaan ajen anu kawilang pentingna, boh jadi basa panganteur boh jadi bidang studi. Sabab di SD barudak munggaran pisan diajar basa Sunda kalawan resmi, daria turta direncanakeun dina

wangun kurikulum. Maksud éta Perda sangkan di SD barudak geus mimiti *dikaitkeun atina* kana atikan anu patalina jeung basa katut ajen budaya.

Basa Sunda dijadikeun basa panganteur di TK jeung SD (Kelas 1-3) téh ngarojong kana ciri-ciri proses diajar basa kahiji (basa indung), nya eta kalawan teu langsung barudak geus diajar basa Sunda. Kitu oge dipakena basa Sunda di lingkungan kulawarga, kalawan teu langsung kolotna geus ngawanohkeun basa indung ka barudakna, anu saéstuna geus jadi kodratna diajar basa indung mah lumangsung sarta mangaruhan budak ti mimiti lahir. Teu jauh ti pamadegan Saderek Iwa, yen dipakena basa Sunda jadi basa panganteur di TK/SD (Kelas 1-3), numuwuhkeun motivasi budak pikeun ngagunakeun basa Sunda. Digunakeunana basa Sunda jadi basa panganteur dina kagiatan diajar ngajar mah moal kasengker ku waktu. Ku kituna budak bisa samemena naker dina komunikasi boh lisan boh tinulis, saperti ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis sakumna pangajaran ku basa Sunda. Teu cara dijadikeun bidang studi nu ukur dua jam pelajaran (2 x 40-45 menit).

Luyu jeung tujuan pangajaran basa Sunda, Perda Propinsi Jawa Barat No. 5 Pasal 5 ayat 7 taun 2003, mibanda udagan sangkan barudak mikareueus tur mibanda raga katineung (mibanda sikep positif) kana basa Sunda, sarta parigel ngagunakeun basa Sunda boh lisan boh tulis nu luyu jeung tahap mikirna, di sagedengeun barudak weruh kana dasar-dasar pangaweruh basa Sunda

\*) Kungsi dimuat dina Majalah Sunda *Mangle*

\*\*) Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI